



Pou Piblikasyon Imedya: 03/05/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE SIPÒ POU PWOPRIYETÈ KAY, LOKATÈ AK
REZIDAN LOJMAN BILIK YO NAN KAD BIDJÈ ANE FISKAL 2024 LA**

Ajoute 391 milyon dola pou Pwogram Asistans Lwaye Ijans New York la pou sipòte lòt lokatè ak fanmi, ki gen ladan Rezidan Otorite Lojman Piblik Vil New York yo ak benefisyè kupon Seksyon 8 la

Kreye pwogram nasyonal pyonye pou konbat ekspozisyon timoun yo a plon nan bilding rezidansyèl yo nan 24 zòn ki gen pi gwo risk yo

Elaji pwogram pyonye Buffalo Gouvènè a nan tout eta a avèk Fon Estabilizasyon pou Pwopriyetè Kay 50 milyon dola a pou sipòte reparasyon kay enpòtan nan 10 kominote ki gen gwo bezwen

Bay 40 milyon dola pou pwogram pwoteksyon pwopriyetè kay pou ede pwopriyetè kay nan sityasyon dèt ak sezi nan chak konte nan eta a

Etabli nouvo biwo satelit inite pwoteksyon nan nò New York pou bay plis oryantasyon, defans ak sipò pou lokatè New York yo

Bay 50 milyon dola pou sèvis legal ak reprezantasyon pou ka degèpisman nan tout eta a

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a nouvo efò pou sipòte pwopriyetè kay yo ak lokatè yo, sa gen ladan rezidan lojman piblik ak sibvansyone yo, nan kad bidjè ane fiskal 2024 la. Plan an gen ladan envestisman nan asistans pou lwaye ki pral sipòte moun ki abite nan lojman sibvansyone, ki gen ladan lojman piblik, ki te gen difikilte pou peye lwaye nan pandemi an; yon pwogram nasyonal pou konbat ekspozisyon timoun a plon nan bilding rezidansyèl yo nan zòn ki gen gwo risk atravè Eta New York; agrandisman yon pwogram sipò pwopriyetè ki gen siksè ak ki adapte pou kominote ki gen gwo bezwen yo; plis sipò pou ede pwopriyetè kay yo rete lakay yo; yon nouvo biwo satelit nan nò eta a pou Inite Pwoteksyon Lokatè Biwo Kay ak Renouvèlman Kominotè Eta New York la ak finansman pou sèvis legal ak reprezantasyon pou ka degèpisman nan tout eta a. Ansanm, inisyativ sa yo reflekte efò kontinyèl Gouvènè a ap fè pou konbat kriz lojman New York la nan fason inovatè epi bay sipò enpòtan pou lokatè, pwopriyetè kay ak popilasyon vilnerab New York yo.

"Konsidere yon kriz lojman k ap agrave, bidjè sa a bay nouvo sipò kontinyèl pou ede lokatè ak pwopriyetè kay New York ki gen difikilte pou yo peye", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen kontan dèske mwen te rive jwenn yon akò ak lejislati a pou ofri asistans pou aryere lwaye yo pou rezidan lojman sibvansyone yo, ki gen ladan rezidan lojman piblik yo, finanse reparasyon kay enpòtan nan zòn ki gen gwo bezwen yo, konbat ekspozisyon timoun a plon nan kominote ki afekte yo, elaji sèvis pwoteksyon lokatè eta a epi ede pwopriyetè kay yo kenbe kay yo, men gen plis ankò nou dwe fè pou reponn a anplè kriz lojman nou an. Mwen p ap sispann goumen pou abòde kriz lojman nou an, debloke potansyèl lojman nou an, epi rann eta nou an pi abòdab pou tout Nouyòkè yo, epi mwen pral kontinye travay nan tèt kole ak Lejislati a ak lòt pati konsène yo nan objektif sa a".

Ede Lokatè yo Fè Tranzisyon nan yon Monn Apre Pandemi an

Pandemi COVID-19 la te ekspoze koneksyon frajil anpil Nouyòkè genyen ak lojman ekitab, sa ki te pouse Eta a administre pwogram ki te ede kenbe moun lakay yo epi evite fayit finansye. Bidjè ane fiskal 2024 la bay Pwogram Asistans pou Lwaye ljan New York la ak 391 milyon dola pou sipòte lokatè ak fanmi adisyonèl, ki gen ladan NYCHA ak lòt rezidan lojman piblik ak moun k ap resevwa bon federal Seksyon 8. Finansman sa a pral konplete lòt investisman nan Bidjè a pou sipòte rezidan lojman piblik yo, tankou yon investisman kapital 135 milyon dola pou Otorite Lojman Vil New York. Bidjè ane fiskal 2024 la gen ladan tou otorite pou afektasyon si gouvènman Federal la ta repati lòt fon federal bay ERAP.

Jiska avril 2023, ERAP te bay prèske 3 milya dola nan lojman ak sipò sèvis piblik pou 237,500 fanmi New York ki gen difikilte. Anplis de sa, Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikape (OTDA) a kontinye fè peman atravè pwogram eta a finanse ki totalize 250 milyon dola pou lokatè ki pa satisfè kritè revni ERAP yo, ansanm ak pwopriyetè ki gen lokatè ki kite pwopriyete lokasyon yo oswa ki yo pa vle aplike pou ERAP.

Pwoteje Kont Ekspozisyon Timoun a Plon

Bidjè ane fiskal 2024 la kreye tou yon pwogram nasyonal pou konbat ekspozisyon timoun a plon nan bilding rezidansyèl New York nan 24 nan zòn ki gen plis risk deyò Vil New York. Pwogram nan, Gouvènè Hochul te premye pwopoze nan diskou sou Eta Leta li a, egzije pou sèten bilding rezidansyèl ki gen plizyè fanmi yo sètifye kòm san danje penti plon chak twa ane. Depatman Sante a pral kreye yon rejis bilding ki sètifye kòm san danje plon epi mande eliminasyon danje penti ki abaz plon.

Sipòte Pwopriyetè Kay New York yo

Kriz lojman New York la te gen yon enpak enpòtan sou moun k ap achte kay ak pwopriyetè kay yo. Nan zòn metwo Vil New York la, lwaye yo te monte 50 pousan depi 2015. Andeyò Vil New York, pri kay yo te monte 50 a 80 pousan. Bidjè ane fiskal 2024 la ajoute sipò finansman pou pwopriyetè kay pou ede Nouyòkè yo jere ogmantasyon pri pwopriyete a.

Bidjè ane fiskal 2024 la ajoute 50 milyon dola pou yon Fon Estabilizasyon Pwopriyetè Kay pou finanse reparasyon kay nan 10 kominote nan tout eta a ke yo te idantifye ki genyen gwo kantite pwopriyetè koulè ki gen revni ba ak detrès pwopriyetè kay yo. Pwogram nan baze sou Pwogram Amelyorasyon pou Pwopriyetè Kay nan Lès Buffalo ki koute 10 milyon dola, ke Gouvènè Hochul te anonse [an jiyè 2022](#), ki te bay pwopriyetè kay ki gen revni ba nan kominote koulè yo sibvansyon jiska 35,000 dola.

Bidjè ane fiskal 2024 la ajoute tou 40 milyon dola pou Pwogram Pwoteksyon Pwopriyetè Kay (HOPP) la. HOPP bay finansman pou plizyè douzèn òganizasyon konsèy nan lojman ak sèvis jiridik san bi likratif nan eta a pou ede pwopriyetè kay yo avèk pwoblèm mank peman ak sezi. HOPP sipòte yon bann sèvis pou ede kenbe Nouyòkè yo lakay yo nan chak koknte nan eta a.

Ogmante Sèvis Pwoteksyon Lokatè pou Lokatè yo nan Tout Eta a

Bidjè ane fiskal 2024 la etabli yon nouvo biwo satelit pou Inite Pwoteksyon Lokatè (TPU) Divizyon Kay ak Renouvèlman Kominotè Eta New York nan nò Eta New York. TPU deja bay konsèy, defans, ak sipò jiridik pou divès kalite lokatè atravè eta a. Lè nou ouvri yon nouvo biwo ki pi pre popilasyon li sèvi andeyò Vil New York, TPU pral menm pi byen pozisyone pou l bay sipò sou plas pou popilasyon lokatè vilnerab tankou lokatè kay prefabrike, travayè agrikòl, ak lòt popilasyon ki nan bezwen toupatou nan eta a.

Investisman sa a baze sou plis pase yon deseni pwogram TPU ki gen siksè. Depi 2012, TPU te ouvri plizyè santèn investigasyon ki gen ladan plizyè zafè ki gen anpil enpòtans ki te nan litij, ki te refere bay patnè ki fè respekte lalwa yo, ki te mennen nan emisyon asiyasyon pou konparèt TPU yo, oswa ki te mennen nan odit lwaye yo. TPU te lanse tou yon pwogram ranfòsman enskripsyon a gwo echèl pou plis vize pwopriyetè ki pa respekte kondisyon enskripsyon yo. Anplis aktivite ranfòsman li yo, TPU travay avèk òganizatè kominotè yo, òganizasyon sèvis legal yo, ak gwoup lokatè yo pou òganize atelye ak fwa resous pou edike lokatè yo sou dwa yo dapre lwa règleman lwaye yo.

Bidjè a bay pwoteksyon adisyonèl pou lokatè yo lè li enkli 50 milyon dola pou sèvis legal ak reprezantasyon pou ka degèpisman nan tout eta a.

Plan Lojman Ane Fiskal 2023

Ane fiskal 2024 la kontinye Plan Lojman global 25 milya dola Gouvènè a, ki apwouve nan bidjè ane fiskal 2023 a, pou kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab atravè New York, ki gen ladan 10,000 avèk sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo, plis elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay.

###